**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–14.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रंग–गुलालक पाबनि फगुआ आइ देशभरि मे पारम्परिक उत्साह आ हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई पाबनि वसंत ऋतुक आगमन आओर अधलाह पर नीक के जीतक प्रतीक अछि। ई एकता आ सद्भावना के बढ़ावा दैत अछि। प्रदेश मे सेहो फगुआ के लऽकऽ सभ दिस उत्साह आ उमंगक माहौल अछि। मिथिला सहित प्रदेशभरि मे फगुआ आइ मनाओल जा रहल अछि। हालांकि किछु ठाम फगुआ काल्हि सेहो मनाओल जायत।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू फगुआ पर देशवासी लोकनि कँ शुभकामना देलनि अछि। राष्ट्रपति अपन संदेश मे कहलनि जे ई पाबनि खुशी आ उत्साह लऽकऽ अबैत अछि। उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ सेहो देशवासी लोकनि कँ शुभकामना देलनि अछि। ओ कहलनि जे फगुआ अधलाह पर नीक के जीत आ वसंत ऋतुक आगमनक प्रतीक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन संदेश मे कहलनि अछि जे हर्षोल्लास आ आनंद सँ भरल ई पाबनि सभक जीवन मे नव उत्साह आ ऊर्जाक संचार करैत अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां अपन संदेश मे कहलनि जे फगुआ असत्य पर सत्य आ दुराचार पर सदाचारक विजय के पर्व अछि आओर समाज मे एकता, भाईचारा आ सद्भावनाक संदेश दैत अछि। ओ राज्यवासी लोकनि कँ आपसी प्रेम आ सौहार्दक माहौल मे एहि पाबनि के मनयबाक अपील कयलनि अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि अछि जे रंग, उमंग, प्रेम आ सद्भावक पाबनि फगुआ चौदह आ पन्द्रह मार्च के मनाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे ई पाबनि राज्य मे सुख, शांति, समृद्धि आ परस्पर सौहार्दक नव भोर लऽकऽ आयत।

---

फगुआ के देखैत प्रदेशभरि मे सुरक्षाक कड़गर इंतजाम कयल गेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे असामाजिक तत्व सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। पुलिस महानिदेशक जनौलनि जे संवेदनशील इलाका सभ मे पैघ स्तर पर सुरक्षा बलक तैनाती कयल गेल अछि। फगुआक मद्देनजरि अस्पताल आ अग्निशमन विभाग के सेहो अलर्ट पर रहबाक निर्देश देल गेल अछि। पटनाक पीएमसीएच, एनएमसीएच, आईजीआईएमएस आ एम्स मे पचासी बेड आरक्षित राखल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय उग्रवाद प्रभावित जिला सभ मे कड़गर निगरानी करबाक निर्देश देलक अछि। सुरक्षा के लऽकऽ राजधानी पटना मे चारि हजार सँ बेसी पुलिसकर्मी सभक तैनाती कयल गेल अछि।

———————————————————————————

आकाशवाणी सँ विशेष गपशप मे अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान, एम्स के चर्म रोग विभागक चिकित्सक कौशल वर्मा लोकसभ सँ फगुआ पर कृत्रिम रंग सँ बचबाक सलाह देलनि अछि। चिकित्सक फगुआक दरमियान रंग–अबीर खेलायत काल आँखि के लऽकऽ सेहो सावधान रहबाक लेल कहलनि अछि। पीएमसीएच के नेत्र रोग विशेषज्ञ डॉक्टर प्रियंकाक कहनाइ छनि जे आँखि मे अबीर पड़ला पर कखनहुं ओकरा रगड़ी नहि। आँखि मे अबीर पड़ला पर साफ ठंडा पानि सँ धोलाक बाद आवश्यकता पड़ला पर डॉक्टरक मददि लऽ सकैत छी।

———————————————————————————

उत्तर रेलवे फगुआ पर यात्री सभक सुविधाक लेल चारि सय सँ बेसी विशेष ट्रेन चला रहल अछि। उत्तर रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी हिमांशु शेखर उपाध्याय जनौलनि जे यात्री सभक सुविधाक लेल भारी भीड़ के देखैत पूर्व–मध्य रेलवे सेहो फगुआ विशेष ट्रेनक परिचालन कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति शिक्षक लोकनिक तृतीय सक्षमता परीक्षाक लेल आवेदनक अंतिम तिथि बाइस मार्च धरि बढ़ा देलक अछि। पहिने ई तिथि बारह मार्च धरि निर्धारित छल। तृतीय सक्षमता परीक्षा मे कक्षा एक सँ बारहवीं धरिक एकसठि विषय के लेल परीक्षा होयत।

परीक्षा मे निगेटिव मार्किंगक प्रावधान नहि अछि। पूर्वक सक्षमता परीक्षा सँ वंचित शिक्षक तृतीय सक्षमता परीक्षा मे सम्मिलित भऽ सकैत छथि। परीक्षा मई महीना मे होयबाक संभावना अछि।

—————————————————————————————

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी अंचलक दहिला गामक पोखरि मे स्नानक दरमियान पानि मे डूबला सँ चारि गोट लड़की के मृत्यु भऽ गेलनि। एम्हर, मुजफ्फरपुर जिलाक अहियापुर थाना क्षेत्र के मोहम्मदपुर चौक लऽग एक तेज रफ्तार अज्ञात वाहन आ मोटरसाइकिलक बीच टक्कर मे तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

—————————————————————————————

प्रदेशक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार बढ़ोतरी भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्य मे अधिकतम तापमान सत्ताईस डिग्री सँ छत्तीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस के बीच बनल अछि। विभाग अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान राज्यक कतेको स्थान पर अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धिक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि।

—————————————————————————————

समाप्त भेल।